



PATISIPASYON NAN ESPÒ ANYÈL AK AKTIVITE CHWAZI

(Gen ladan tout Espò, JROTC, Ekip Dans konpetitif, Fanfa ak Gad)

ENFÒMASYON ELÈV LA

Dat: _____

Non Elèv la _____ # ID Elèv la: _____ Dat Nesans: _____

Non Lekòl OCPS la: _____ Klas: _____

AVI POU PARAN/GADYEN LEGAL

Konsèy Lekòl la nan Orange County, Florid ("SBOC") ofri yon seri espò atletik ak lòt aktivite fizik pou elèv ki enskri yo ak inisyativ pou fè chak lekòl segondè ak lekòl elemantè vin manm aktif Florida High School Atletik Association (Asosyasyon Espòtif Lekòl Segondè Laflorid) pou elèv-atlèt yo patisipe nan aktivite espòtif ki omologe. Lè li siyen akò sa a, paran an/gadyen legal la konprann epi dakò gen risk natirèl ki asosye ak elèv-atlèt non li mansyone k ap patisipe nan espò ak aktivite chwazi yo: ki gen ladan, men pa sèlman, preparasyon anvan-sezon, antrènman pwograme, mele, match, konpetisyon, ak chanpyona rejyonal ak chanpyona Eta a, epi bay pèmasyon pou elèv non li mansyone a patisipe nan espò ak aktivite chwazi (JROTC, Ekip Dans Konpetisyon, fanfa ak gad) antanke elèv-atlèt ak/oswa patisipan nan lòt aktivite chwazi.

AVI SOU RESPONSABILITE ELÈV-ATLÈT LA OSWA PATISIPAN AN AK PARAN/GADYEN LEGAL LA

Antanke paran/gadyen legal elèv-atlèt ki pral patisipe nan espò ak aktivite chwazi ki te fèt pa SBOC atletik ak lòt pwogram, paran an/gadyen legal la konprann epi dakò avèk règleman ak responsablite sa yo:

KALIFIKASYON POU PATISIPE

- Egzamen fizik Depistaj Espòtif elèv-atlèt la/patisipan an obligatwa epi rezilta yo dwe bay a reprezantan depatman espòtif lekòl la (anjeneral antrenè espòtif la) chak ane an konfòmite avèk règleman ak direktiv FHSAA yo. Egzamen fizik yo dwe fèt pa yon founisè medikal ki gen lisans nan Eta Florid ki pa gen okenn relasyon famiyal avèk elèv-atlèt la. Atletis la dwe anpeche elèv-atlèt la/patisipan an patisipe si yo pa resewva tout dokiman obligatwa yo 48 èdtan anvan dat limit la/esè yo.
- Li obligatwa pou elèv-atlèt la/patisipan an gen yon elektwokadyogram ("ECG") anvan li patisipe nan yon antrènman, pratik oswa match. Si elèv-atlèt la/patisipan an pa gen yon ECG, sa pral fè yo pa rekonèt kapasite li pou patisipe nan espò ak aktivite chwazi yo. Rezilta ECG sa a pa dwe revele okenn anomali anvan elèv-atlèt la/patisipan an jwenn otorizasyon pou patisipe nan yon antrènman, pratik ak match. Si elèv-atlèt la/patisipan an gen yon ECG ki pa nòmal, li pa dwe jwenn otorizasyon pou patisipe nan yon seyans preparasyon, antrènman ak match jiskaske yon kadyològ pedyatrik oswa yon kadyològ otorize elèv-atlèt la/patisipan an pou patisipasyon total. Elèv-atlèt la/patisipan an pral oblije bay antrenè espòtif li otorizasyon ekri ki di elèv la/patisipan an otorize pou patisipe totalman nan seyans preparasyon, antrènman ak match anvan li jwenn otorizasyon pou patisipe apre yon rezilta ECG ki pa nòmal. Paran an/gadyen legal la renonse, dechaje epi egzonere SBOC, anplwaye ak volontè li yo de tout responsablite, ki gen ladan reklamasyon pou neglijan, ki fèt apati de egzamen ECG ak/oswa nenpòt blesi ak/oswa lanmò ki se rezilta patisipasyon nan yon seyans preparasyon, antrènman ak match apre egzamen ECG fin fèt. Paran an/gadyen legal la renonse, dechaje epi egzonere SBOC, anplwaye ak volontè li yo de tout responsablite, ki gen ladan reklamasyon pou neglijan, pou blesi ak/oswa lanmò ki rive ak patisipasyon nan seyans preparasyon, antrènman oswa match apre yon elèv-atlèt/patisipan konplètman otorize pou patisipe pa yon kadyològ pedyatrik oswa yon kadyològ apre yon ECG ki pa nòmal. Yon elèv pral sèlman oblije gen yon ECG pandan kat ane patisipasyon li pandan li enskri nan OCPS.
- Prezans nan tout antrènman ak match, ki gen ladan rive alè ak vini prepare, se yon angajman paran an/gadyen legal la ak elèv-atlèt la vizavi ekip li, lekòl li, ak espò a. Elèv-atlèt la/patisipan an ak paran an/gadyen legal la dakò pou swiv direktiv lekòl la konsènan patisipasyon elèv la nan aktivite espòtif yo.



PATISIPASYON NAN ESPÒ ANYÈL AK AKTIVITE CHWAZI

(Gen ladan tout Espò, JROTC, Ekip Dans konpetitif, Fanfa ak Gad)

- d) Rive ak depa nan aktivite espòtif yo se responsablite paran an/gadyen legal la, sof si yo bay transpò espesifik ki deziyen pou SBOC yo. Paran an/gadyen legal la renonse, dechaje epi egzonere SBOC, anplwaye ak volontè li yo de tout responsablite ki prezante apati de SBOC ki fè elèv-atlèt la/patisipan nan espò ak aktivite chwazi pou retounen endividyèlman lakay li, kit metòd ak mwayen an se a pye, a bisiklèt, nan veyikil a motè oswa lòt mwayen pa li, zanmi, fanmi, oswa lòt moun ki nan diskresyon elèv-atlèt la/patisipan an.
- e) Elijiblite elèv-atlèt la/patisipan an pou patisipe nan aktivite espòtif ak lòt aktivite chwazi yo dwe detèmine, an konfòmite avèk SBOC Kòd Konduit Elèv la, ki gen ladan, men pa sèlman, elèv-atlèt la/patisipan an ki kenbe nòt satisfèzan, konpòtman apwopriye, ak konfòmite avèk règleman ekip la.
- f) Rapòte imedyatman bay Antrenè Espòtif SBOC oswa Direktè atletik la tout blesi, chanjman nan kondisyon medikal, ak/oswa tretman medikal ki te fèt akòz patisipasyon elèv-atlèt la nan aktivite espòtif oswa ki ka afekte kapasite li pou kontinye patisipe nan espò ak aktivite chwazi yo. Sou demann, elèv-atlèt la/patisipan an pral chèche tretman medikal epi bay SBOC dosye founisè medikal sou elijiblite pou patisipe nan espò ak aktivite chwazi yo. SBOC ka sispann patisipasyon nan nenpòt aktivite espòtif oswa aktivite chwazi nenpòt lè li jije apwopriye epi elèv-atlèt la/patisipan pa dwe otorize pou rekòmanse espò oswa aktivite chwazi yo si li pa resevwa nòt oswa dosye medikal satisfèzan.
- g) Si nenpòt ki dokiman espòtif, fòm egzamen fizik, oswa siyati sou dokiman sa yo te fo, mal reprezante, oswa ekskli entansyonèlman, yo pral sispann elèv la/patisipan an imedyatman nan ekip espòtif/gwoup la epi deklare li inelijib pou tout espò oswa aktivite chwazi. Inelijiblite ak sispannyon pou espò a ap efektif pandan yon ane apati dat divilgasyon an.
- h) Evalyasyon fizik anyèl la dwe administre swa pa yon doktè ki gen lisans, yon doktè osteyopatik ki gen lisans, yon doktè chiwoptatik ki gen lisans, yon asistan doktè ki gen lisans, oswa yon enfimiyè pratisyen avanse sètifye. Rezilta ECG yo dwe entèprete pa yon kadyològ pedyatrik oswa yon kadyològ.

REKONESANS PARAN/GADYEN LEGAL

Lè mwen siyen dokiman sa a anba a, mwen rekonèt epi konfime tout deklarasyon ki anwo yo. Epitou mwen asime volontèman tout risk ke mwen menm ak/oswa elèv-atlèt non li mansyone a ka ekspozè ak yo oswa enfekte pa COVID-19 akòz patisipasyon nan aktivite andeyò lekòl yo, e ke ekspozisyon oswa enfeksyon sa a ka lakoz blesi, maladi, ak/oswa lanmò. Mwen konprann ke risk pou ekspozè oswa enfekte ka soti nan aksyon, omisyon, oswa neglijan mwen, pitit mwen (yo), anplwaye SBOC, volontè, oswa ajan, lòt patisipan nan aktivite yo, oswa lòt moun ki pa nan lis la, e mwen rekonèt ke mwen konnen tout risk sa yo.

An konsiderasyon mwen menm ak elèv-atlèt non li mansyone a ki kapab patisipe nan aktivite andeyò lekòl yo, mwen, nan non pa m, osi byen ke nenpòt moun ki gen dwa aji nan non mwen, avèk sa a mwen renonse pou tout tan, dechje, epi egzonere Konsèy Lekòl Orange County, Florida, epi anplwaye ak ajan li yo de tout reklamasyon (ki gen ladan neglijan), pwosè, responsablite, aksyon, jijman, onorè avoka, ak nenpòt kalite depans ki fèt akòz blesi oswa domaj, ki baze sou yon deli oswa lòt bagay, mwen ak/oswa elèv-atlèt non li mansyone a, oswa reprezantan mwen/nou yo, sibi pandan oswa an rapò ak patisipasyon oswa enplikasyon elèv-atlèt la nan aktivite yo.

Mwen rekonèt epi sètifye ke mwen te li dokiman sa a an antye; revize epi eksplike tèm yo avèk elèv-atlèt non li mansyone a; konprann epi dakò pou mwen lye pa tèm yo nan non pa m ak elèv-atlèt non li mansyone a.

SiyatiParan/Gadyen Legal

Non Paran/Gadyen Legal (an lèt detache)

Dat



EVALYASYON FIZIK ANVAN PATISIPASYON (Paj1 sou 4)

Fòm istwa medikal sa a ta dwe konsève pa founisè swen sante a ak/oswa paran an.

Fòm sa a valab pou 365 jou apati dat li siyen pi ba a.

EL2

Revize 3/23

FÒMILÈ ISTWA MEDIKAL

Enfòmasyon Elèv la (Se elèv la ak paran an ki dwe ranpli li) *ekri an lèt detache yon fason ki lizib*

Non Konplè Elèv la: _____ Sèks yo ba li lè fèt: _____ Laj: _____ Dat Nesans: ____ / ____ / ____

Lekòl: _____ Klas nan Lekòl: _____ Espò(yo): _____

Adrès Kay: _____ Vil/Eta: _____ Telefòn Kay: (____) _____

Non Paran/Gadyen: _____ Imèl: _____

Moun pou Kontakte an Ka Ijans: _____ Relasyon ak Elèv la: _____

Telefòn Selilè pou Kontak Ijans: (____) _____ Telefòn Travay: (____) _____ Lòt Telefòn: (____) _____

Founisè Swen Sante Fanmi an: _____ Vil/Eta: _____ Telefòn Biwo: (____) _____

Lis kondisyon medikal pase ak aktyèl yo:

Èske ou te deja fè yon operasyon? Si wi, tanpri enimere tout pwosedi chirijikal ak dat yo:

Medikaman ak sipleman (tanpri enimere tout medikaman sou preskripsyon aktyèl, medikaman san preskripsyon, ak sipleman (èbal ak nitrisyonèl):

Èske ou gen alèji? Si wi, tanpri enimere tout alèji ou yo (sètadi, medikaman, polèn, manje, ensèk):

Vèsyon Kesyonè Sante Pasyon 4 (PHQ-4)

Pandan de semèn ki sot pase yo, konbyen fwa you nan pwoblèm sa yo te deranje w? (ansèkle repons lan)

	Pa ditou	Plizyè jou	Plis pase mwatye nan jou yo	Prèske chak jou
Santi w nève, enkyè, oswa sou tansyon	0	1	2	3
Pa ka sispann genyen oswa kontwole enkyetid	0	1	2	3
Ti enterè oswa plezi nan fè bagay yo	0	1	2	3
Santi w demoralize, deprime, oswa dezespere	0	1	2	3

KESYON JENERAL		Wi	No n	KESYON SANTE KADYAK KONSÈNAN OU MENM (suit)		Wi	Non
Eksplike repons "wi" yo nan fen fòm sa a. Ansèkle kesyon yo si ou pa konnen repons lan.							
1	Èske w gen enkyetid ke ou ta renmen diskite avèk founisè ou a?			8	Èske yon doktè te deja mande yon tès pou kè ou? Pa egzanp, elektwokadyogram (ECG) oswa ekokagrafi (ECHO)?		
2	Èske yon founisè janm refize oswa limite patisipasyon w nan espò pou nenpòt ki rezon?			9	Èske w gen etoudisman oswa souf pi kout pase zanmi w yo pandan w ap fè egzèsis?		
3	Èske w gen pwoblèm medikal kounye a oswa maladi ki resan?			10	Èske w te deja gen yon kriz malkadi?		
KESYON SANTE KADYAK KONSÈNAN OU MENM		Wi	Non	KESYON SANTE KADYAK KONSÈNAN FANMI OU		Wi	Non
4	Èske w te deja endispoze oswa prèske endispoze pandan oswa apre egzèsis?			11	Èske gen yon manm nan fanmi w oswa yon pwòch ou ki te mouri akòz pwoblèm kè oswa yon lanmò sibit oswa san eksplikasyon anvan laj 35 ane? (san bliye nwayad oswa aksidan machin san eksplikasyon)		
5	Èske w te deja gen malèz, doulè, kè sere, oswa presyon nan pwatrin ou pandan egzèsis?			12	Èske yon moun nan fanmi ou gen yon pwoblèm kè jenetik tankou kadyomyopati ipètwofik (HCM), sendwòm Marfan, kadyomyopati vantrikilè dwat aritmojèn (ARVC), sendwòm QT long (LQTS), sendwòm QT kout (SQTS), sendwòm Brugada, oswa tachikadi vantrikilè polimòf katecholaminèjik (CPVT)?		
6	Èske kè ou deja bat vit, palpite nan pwatrin ou, bat fò (batman iregilye bat) pandan egzèsis?			13	Èske gen moun nan fanmi ou ki te gen yon estimilatè kadyak oswa yon defibrilatè enplante anvan laj 35 ane?		
7	Èske yon doktè te deja di ou gen pwoblèm kè?						

Fòm sa a pa valab si tout seksyon yo pa konplè.



EVALYASYON FIZIK ANVAN PATISIPASYON (Paj2 sou 4)
Fòm istwa medikal sa a ta dwe konsève pa founisè swen sante a ak/oswa paran an.
Fòm sa a valab pou 365 jou apati dat li siyen pi ba a.

EL2

Revize 3/23

Non konplè Elèv la: _____ Dat Nesans: ____ / ____ / ____ Lekòl: _____

KESYON ZO AK JWENTI		Wi	Non	KESYON MEDIKAL (suit)		Wi	Non
14	Èske w te deja gen yon frakti estrès?			26	Èske ou gen enkyetid konsènan pwa ou?		
15	Èske w te deja blese nan yon zo, misk, ligaman, jwenti, oswa tandon ki te lakòz ou rate yon seyans pratik oswa match?			27	Èske w ap eseye oswa gen yon moun ki rekòmande pou ou pran oswa pèdi pwa?		
16	Èske ou gen yon blezi nan zo, misk, ligaman, oswa blezi jwenti ki kounye a deranje ou?			28	Èske ou sou yon rejim alimantè espesyal oswa ou evite sèten kalite manje oswa kategori manje?		
KESYON MEDIKAL		Wi	Non	29	Èske w te deja gen yon twoub alimantè?		
17	Èske ou touse, fè bri lè w ap respire, oswa ou gen difikilte pou respire pandan oswa apre egzèsis oswa èske yon doktè te deja dyagnostike ou fè opresyon?			Eksplike repons "Wi" isit la: _____ _____ _____ _____ _____ _____ _____ _____ _____ _____			
18	Èske ou manke yon ren, yon je, yon testikil, larat ou, oswa nenpòt lòt ògàn?						
19	Èske ou gen doulè nan lèn oswa doulè testikil oswa yon anfleman douloure oswa èni nan zòn lèn nan?						
20	Èske w gen gratèl po ki parèt ankò oswa gratèl ki vini epi ale, tankou èpès oswa estafilokòk dore ki reziste a metisilin (MRSA)?						
21	Èske w te gen yon blezi nan sèvo oswa blezi nan tèt ki te lakòz konfizyon, yon tèt fè mal pwolonje, oswa pwoblèm memwa?						
22	Èske w te deja gen pèt sansasyon, pikotman, feblès nan bra ou oswa janm ou, oswa ou te kapab deplase bra ou oswa janm ou apre ou te frape oswa tonbe?						
23	Èske w te deja tonbe malad pandan w ap fè egzèsis nan chalè a?						
24	Èske ou menm oswa yon moun nan fanmi ou gen karakteristik oswa maladi anemi falsifòm?						
25	Èske w deja gen oswa ou gen pwoblèm avèk je oswa vizyon ou?						

Fòm sa a pa valab si tout seksyon yo pa konplè.

Patisipasyon nan espò lekòl segondè pa san risk. Elèv-atlèt la ak paran/gadyen an rekonèt repons veridik pou kesyon ki anwo yo pèmèt yon klinisyen ki resevwa fòmasyon pou evalye elèv-atlèt la kont faktè risk ki asosye ak blezi ak lanmò ki gen rapò ak espò. Lwa Florid 1006.20 egzije yon kandida elèv pou yon ekip atletik entèskolè pou konplete avèk siksè yon evalyasyon fizik anvan patisipasyon kòm premye etap prevansyon blezi. Evalyasyon fizik anvan patisipasyon sa a dwe konplete chak ane anvan yo patisipe nan konpetisyon atletik entèskolè oswa angaje nan nenpòt pratik, antrènman, preparasyon, oswa lòt aktivite fizik, ki gen ladan aktivite ki fèt andeyò ane lekòl la.

Nou deklare, dapre tout sa nou konnen, ke repons nou yo pou kesyon ki anwo yo konplè epi kòrèk. Anplis evalyasyon fizik woutin Lwa Florid 1006.20, ak FHSAA Bylaw 9.7, nou konprann ak rekonèt ke elèv la ta dwe sibi yon evalyasyon kadyovaskilè, ki ka gen ladan tès dyagnostik sa yo tankou elektwokadyogram (ECG), ekokadyogram (ECHO), ak/oswa tès estrès kadyovaskilè. Komite Konsiltatif Medsin Espò FHSAA a rekòmande fòtman yon evalyasyon medikal avèk founisè swen sante ou pou faktè risk pou arè kadyak toudenkou ki ka gen ladan tès espesyal ki mansyone anwo a.

Non Elèv-Atlèt la: _____ (an lèt detache) Siyati Elèv-Atlèt la: _____ Dat: ____ / ____ / ____

Non Paran/Gadyen: _____ (an lèt detache) Siyati Paran/Gadyen: _____ Dat: ____ / ____ / ____

Non Paran/Gadyen: _____ (an lèt detache) Siyati Paran/Gadyen: _____ Dat: ____ / ____ / ____



EVALYASYON FIZIK ANVAN PATISIPASYON (Paj3 sou 4)
Fòm istwa medikal sa a ta dwe konsève pa founisè swen sante a ak/oswa paran an.
Fòm sa a valab pou 365 jou apati dat li siyen pi ba a.

EL2

Revize 3/23

FÒM EGZAMEN FIZIK

Non konplè Elèv la: _____ Dat Nesans: ____ / ____ / ____ Lekòl: _____

RAPÈL DOKTÈ:

Konsidere kesyon adisyonèl sou pwoblèm ki pi sansib.

• Èske ou santi ou estrese oswa ou anba anpil presyon?	• Èske w te déjà santi w tris, dezespere, deprime, oswa enkyete?
• Èske w santi w an sekirite lakay ou oswa nan rezidans ou?	• Pandan 30 jou ki sot pase yo, èske ou te itilize tabak pou moulen, pou prize, pou tranpe?
• Èske ou bwè alkòl oswa itilize nenpòt lòt dwòg?	• Èske w te deja pran estewoyid anabolizan oswa itilize nenpòt lòt sipleman ki amelyore pèfòmans?
• Èske w te deja pran sipleman pou ede ou pran oswa pèdi pwa oswa amelyore pèfòmans ou?	

Verifye finisman Istwa Medikal FHSAA EL2 (paj 1 ak 2), revize repons istwa medikal sa yo nan kad evalyasyon w lan. Istwa kadyovaskilè/kesyon sentòm gen ladan Q4-Q13 fòm Istwa Medikal la. *(tcheke bwat la si li konplè)*

EGZAMEN		
Wotè:	Pwa:	
BP: //)	Batman kè:	Vizyon: R 20/ L 20/
		Korije: Wi Non
MEDIKAL - Pwofesyonèl swen sante a dwe kòmanse chak evalyasyon	NÒMAL	REZILTA KI PA NÒMAL
Aparans • Estigmata Marfan(sifoskolyoz, palè wopèche, pectus excavatum, araknodaktil, ipèlaksite, myopi, pwolapsis valv mitral [MVP], ak ensifizans awòtik)		
Je, Zòrèy, Nen, ak Pwatin • Elèv egal • Zòrèy		
Gangliyon Lenfatik		
Kè • Ti son (oskiltasyon an pozisyon kanpe, oskiltasyon an pozisyon kouche, ak manèv Valsalva)		
Poumon		
Abdomèn		
Po • Viris Èpès senplèks (HSV), blesi ki evoke estafilokòk dore ki reziste a metisilin (MRSA), oswa yon tinea kòporis		
Newolojik		
MISKILOESKELETAL - pwofesyonèl swen sante A dwe kòmanse chak evalyasyon	NÒMAL	REZILTA KI PA NÒMAL
Kou		
Do		
Zepòl ak Bra		
Koud ak Avanbra		
Ponyèt, Men ak Dwèt		
Anch ak Kwis		
Jenou		
Janm ak cheviy		
Pye ak zòtèy		
Fonksyonèl • Tès eskwat a de janm, tès eskwat a yon janm, ak tès chit bwat oswa mach		

Fòm sa a pa valab si tout seksyon yo pa konplè.

*Konsidere elektrokadyografi (ECG), ekokadyografi (ECHO), referans a yon kadyològ pou istwa kadyak nòmal oswa rezilta egzamen, oswa nenpòt konbinezon ladan l. Komite Konsiltatif Medsin Espò FHSAA a rekòmande fòmman pou yon elèv-atlèt (paran), yon evalyasyon medikal avèk founisè swen sante ou pou faktè risk arè kadyak toudenkou ki ka gen ladan yon elektrokadyogram.

Non Pwofesyonèl Swen Sante a (an lèt detache oswa tape): _____ Dat Egzamen an: _ / _ / _____

Adrès: _____ Telefòn: () _____ Imèl: _____

Siyati Pwofesyonèl Swen Sante a: _____ Kalifikasyon: _____ # Lisans: _____



EVALYASYON FIZIK PREPATISIPASYON (Paj4 sou 4)

SOU MÈT FÒM ELIJIBLITE MEDIKAL SA A BAY LEKÒL LA

Fòm sa a valab pou 365 jou apati dat li siyen pi ba a.

EL2

Revize 3/23

FÒM ELIJIBLITE MEDIKAL

Enfòmasyon Elèv la (Se elèv la ak paran an ki dwe ranpli li) ekri an lèt detache yon fason ki lizib

Non Konplè Elèv la: _____ Sèks yo ba li lè fèt: _____ Laj: _____ Dat Nesans: ____ / ____ / ____

Lekòl: _____ Klas nan Lekòl: _____ Espò(yo): _____

Adrès Kay: _____ Vil/Eta: _____ Telefòn Kay: (____) _____

Non Paran/Gadyen: _____ Imèl: _____

Moun pou Kontakte an Ka Ijans: _____ Relasyon ak Elèv la: _____

Telefòn Selilè pou Kontak Ijans: (____) _____ Telefòn Travay: (____) _____ Lòt Telefòn: (____) _____

Founisè Swen Sante Fanmi an: _____ Vil/Eta: _____ Telefòn Biwo: (____) _____

Medikelman elijib pou tout espò san restriksyon

Medikelman elijib pou tout espò san restriksyon ak rekòmandasyon pou plis evalyasyon oswa tretman: (itilize fèy adisyonèl, si sa nesèsè)

Medikelman elijib pou sèlman sèten espò jan sa endike anba a:

Pa elijib medikelman pou okenn espò

Rekòmandasyon: (itilize fèy adisyonèl, si sa nesèsè)

Mwen sètifye ke mwen te egzamine elèv non li mansyone anwo a lè mwen sèvi avèk Evalyasyon FHSAA EL2 Anvan patisipasyon Fizik epi mwen te bay konklizyon ki mansyone anwo a. Mwen te kenbe yon kopi egzamen an epi paran an ka aksede a li jan yo mande sa. Nenpòt blesi oswa lòt pwoblèm ki rive apre dat otorizasyon medikal sa a ta dwe byen evalye, dyagnostike, epi trete pa yon pwofesyonèl swen sante ki apwopriye anvan li patisipe nan aktivite yo.

Non Pwofesyonèl Swen Sante a (ekri an lèt detache oswa tape): _____ Dat: _ / _ / _____

Adrès: _____ Telefòn: (____) _____ Siyati Pwofesyonèl

Swen Sante a _____ Kalifikasyon: _____ # Lisans: _____

ENFÒMASYON SOU IJANS PATAJE - ranpli nan moman evalyasyon pa pratisyen an ak paran yo

Tcheke bwat sa a si pa gen okenn istwa medikal ki enpòtan pou konsènan patisipasyon nan espò konpetitif.

So Doktè a (si lekòl la egzije sa)

Medikaman: (itilize fèy adisyonèl, si sa nesèsè)

Lis: _____

Istwa medikal enpòtan ki dwe revize pa antrenè atletik/doktè ekip la: (eksplike anba a, sèvi ak fèy adisyonèl, si sa nesèsè)

Alèji opresyo kadyak/kè blesi nan tèt Dyabèt maladi chalè Òtopedi istwa chiriji anemi falsifòm Lòt

Eksplike: _____

Siyati Elèv la: _____ Dat: ____ / ____ / ____ Siyati Paran/Gadyen: _____ Dat: ____ / ____ / ____

Nou deklare, dapre tout sa nou konnen, enfòmasyon ki anrejistre nan fòm sa a konplè epi kòrèk. Nou konprann epi rekonèt ke nou enfòm ke elèv la ta dwe sibi yon evalyasyon kadyovaskilè, ki ka gen ladan tès dyagnostik tankou elektwokadyogram (ECG), ekokadyogram (ECHO), ak/oswa tès estrès kadyovaskilè.

Fòm sa a pa valab si tout seksyon yo pa konplè.



EVALYASYON FIZIK ANVAN PATISIPASYON (Sipleman tè)

SOMÈT FÒM ELIJIBLITE SA A BAY LEKÒL LA

Fòm sa a valab pou 365 jou apati dat li siyen pi ba a.

EL2

Revize 3/23

Yo itilize fòm sa a sèlman, oswa yo mande l, si yo te refere yon elèv-atlèt pou evalyasyon adisyonèl, anvan otorizasyon medikal konplè.

FÒM ELIJIBLITE MEDIKAL - Fòm Founisè ki Refere

Enfòmasyon Elèv LA (Se elèv la ak paran an ki dwe ranpli li) *enprime yon fason ki lizib*

Non Konplè Elèv la: _____ Sèks yo ba li lè fèt: _____ Laj: _____ Dat Nesans: ____ / ____ / ____

Lekòl: _____ Klas nan Lekòl: _____ Espò(yo): _____

Adrès Kay: _____ Vil/Eta: _____ Telefòn Kay: (____) _____

Non Paran/Gadyen: _____ Imèl: _____

Moun pou Kontakte an Ka Ijans: _____ Relasyon ak Elèv la: _____

Telefòn Selilè pou Kontak Ijans: (____) _____ Telefòn Travay: (____) _____ Lòt Telefòn: (____) _____

Founisè Swen Sante Fanmi an: _____ Vil/Eta: _____ Telefòn Biwo: (____) _____

Refere pou: _____ Dyanostik: _____

Avèk sa mwen sètifye evalyasyon elèv-atlèt la sa a te refere pou li a te fèt pa mwen menm oswa yon klinisyen ki anba sipèvizyon dirèk mwen avèk konklizyon yo dokimante anba a:

- Medikalman kalifye pou tout espò san restriksyon apati dat ki sendike anba a
- Medikalman kalifye pou tout espò san restriksyon apre yo fini plan tretman sa a: *(itilize fèy adisyonèl, si sa nesèsè)*

- Medikalman kalifye pou sèlman sèten espò jan sa endike anba a:

- Pa kalifye medikalman pou okenn espò

Rekòmandasyon: *(itilize fèy adisyonèl, si sa nesèsè)*

Non Pwofesyonèl Swen Sante a (ekri an lèt detache oswa tape): _____ Dat: ____ / ____ / ____

Adrès: _____ Telefòn:(____) _____ Siyati Pwofesyonèl

Swen Sante a _____ Kalifikasyon:# Lisans: _____

So Doktè a *(si lekòl la egzije sa)*



Sètifika Konsantman ak Dechaj Responsablite (Paj 1 sou 5)

Fòm sa a ki ranpli a dwe konsève nan dosye yo pa lekòl la. Fòm sa a valab pou 365 jou apati dat siyati ki pi resan an. Fòm sa a pa ka transfere; yon chanjman lekòl pandan peryòd validite fòm sa a pral mande pou fòm sa a re-soumèt.

Lekòl la: _____ Distri Eskolè a (si sa aplikab): _____

Pati 1: Rekonesans ak Dechaj Elèv la (se elèv la ki dwe siyen anba a)

Mwen te li Règleman Eljiblite FHSAA ki enprime nan paj 5 sa a "Sètifika Konsantman ak Dechaj Responsablite" epi mwen pa konnen okenn rezon ki fè mwen pa elijib pou reprezante lekòl mwen an nan konpetisyon atletik entèskolè. Si yo aksepte m kòm reprezantan, mwen dakò pou respekte règleman lekòl mwen an ak FHSAA epi pou respekte dezizyon yo. Mwen konnen patisipasyon atletik se yon privilèj. Mwen konnen risk ki genyen nan patisipasyon atletik, konprann ke blesi grav, ki gen ladan posiblite blesi nan tèt, e menm lanmò, posib nan patisipasyon sa a, epi chwazi aksepte risk sa yo. Mwen volontèman aksepte nenpòt ak tout responsablite pou pwòp sekirite ak byennèt mwen pandan m ap patisipe nan atletik, ak konpreyansyon konplè risk ki enplike yo. Si mwen gen 18 ane oswa plis, oswa si mwen emansipe de paran mwen (yo)/gadyen (yo), avèk sa mwen dechaje epi retire sou do lekòl mwen an, lekòl mwen nan konpetisyon avèk yo, distri eskolè a, ofisyèl konpetisyon yo, ak FHSAA tout responsablite pou nenpòt ak tout domaj oswa reklamasyon ki rive apati de patisipasyon mwen nan espò sa yo epi mwen dakò pa angaje okenn aksyon nan lajistis kont FHSAA pou okenn aksidan oswa ensidan ki enplike patisipasyon mwen nan espò. Avèk sa mwen otorize itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon mwen ki endividyèlman idantifyab si tretman pou maladi oswa aksidan vin nesèsè. Mwen bay FHSAA dwa pou revize tout dosye ki gen rapò ak kalifikasyon atletik mwen ki gen ladan, men pa sèlman, dosye mwen ki gen rapò ak enskripsyon ak prezans, nivo akademik, laj, disiplin, finans, rezidans, ak kapasite fizik. Avèk sa mwen bay pati dechaje yo dwa pou foto mwen ak/oswa videyo epi, anplis de sa, sèvi ak non mwen, figi, resanblans, vwa, ak aparans mwen nan kad ekspozisyon, piblisite, reklam, pwomosyon, ak materyèl komèsyal san rezèv oswa limitasyon. Pati dechaje yo, sepandan, pa gen okenn obligasyon pou egzèse dwa ki endike nan dokiman sa a. Mwen konprann ke otorizasyon ak dwa yo akòde nan dokiman sa a volontè e ke mwen ka anile youn oswa tout nenpòt ki lè lè mwen soumèt anilasyon sa a alekri nan lekòl mwen an. Lè mwen fè sa, sepandan, mwen konprann ke mwen p ap elijib ankò pou patisipasyon nan aktivite espòtif entèskolè.

Pati 2: Konsantman Paran/Gadyen, Rekonesans ak Dechaj (se paran (yo)/gadyen (yo) ki dwe ranpli epi siyen anba a; kote moun ki divòse oswa separe, paran/gadyen ki gen gad legal dwe siyen.)

A. Mwen bay konsantman pou pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an patisipe nan nenpòt espò FHSAA rekonèt oswa omologe EKSEPTE pou espò sa yo:

Lis eksepsyon espò (yo) isit la

- B. Mwen konprann ke patisipasyon ka bezwen yon ranvwa bonè nan klas yo.
C. Mwen konnen ak rekonèt ke pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an konnen risk ki genyen nan patisipasyon nan konpetisyon espòtif entèskolè, konprann ke blesi grav, e menm lanmò, posib nan patisipasyon sa a epi chwazi aksepte nenpòt ak tout responsablite pou sekirite li ak byennèt li pandan l ap patisipe nan aktivite espòtif. Avèk konpreyansyon konplè sou risk ki enplike yo, mwen degaje epi retire tout responsablite sou do lekòl pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an, lekòl mwen nan konpetisyon avèk yo, distri eskolè a, ofisyèl konpetisyon yo, ak FHSAA pou nenpòt ki aksidan oswa reklamasyon ki soti nan patisipasyon nan aktivite espòtif sa yo epi mwen dakò pou pa angaje okenn aksyon an jistis kont FHSAA pou okenn aksidan oswa ensidan ki enplike patisipasyon pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an nan aktivite espòtif yo. Jan F.S. 1014.06 (1) egzije sa, mwen espesyalman otorize pou yon pratasyon swen sante bay pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an sèvis swen sante, jan sa defini nan F.S. 456.001, oswa youn moun ki anba sipèvizyon dirèk yon pratasyon swen sante, si bezwen an prezante pou tretman sa a, pandan pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an sou sipèvizyon lekòl la. Anplis de sa, mwen otorize divilgasyon enfòmasyon sante ki endividyèlman idantifyab pitit mwen an si tretman pou yon maladi oswa blesi vin nesèsè. Mwen dakò pou divilge bay FHSAA a, sou demann li, tout dosye ki gen rapò ak kalifikasyon atletik pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an ki gen ladan, men pa sèlman, dosye ki gen rapò ak enskripsyon ak prezans, nivo akademik, laj, disiplin, finans, rezidans, ak kapasite fizik. Mwen bay pati yo dwa pou fè foto ak/oswa videyo pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an ak plis ankò pou itilize non, figi, resanblans, vwa, ak aparans nan kad ekspozisyon, piblisite, reklam, pwomosyon, ak materyèl komèsyal san rezèv oswa limitasyon. Pati dechaje yo, sepandan, pa gen okenn obligasyon pou egzèse dwa ki endike nan dokiman sa a.

D. Mwen konsyan de danje potansyèl blesi nan sèvo ak/oswa blesi nan tèt ak kou nan aktivite espòtif entèskolè. Mwen gen konesans tou sou risk pou kontinye patisipe yon fwa se yon fwa li sibi yon blesi konsa san otorizasyon medikal apwopriye.

LI FÒM SA A KONPLÈTMAN EPI AVÈK ATANSYON, OU DAKÒ KITE PITIT OU A /TIMOUN MINÈ KI SOUKONT OU A ANGAJE LI NAN AKTIVITE KI POTANSYÈLMAN DANJERE. OU DAKÒ, MENM SI LEKÒL PITIT OU A/TIMOUN KI SOUKONT A, LEKÒL LI NAN KONPETISYON AVÈK LI YO, DISTRI ESKOLÈ A, OFISYÈL KONPETISYON YO, FHSAA UTILIZE SWEN REZONAB NAN KAD AKTIVITE SA A, GEN POSIBLITE POU PITIT OU A/TIMOUN KI SOUKONT OU A BLESE GRAVMAN OSWA MOURI NAN PATISIPE NAN AKTIVITE SA A PASKE GEN SÈTEN DANJE KI NAN NATI AKTIVITE A KI PA KAPAB EVITE OSWA ELIMINE. LÈ W SIYEN FÒM SA A, OU RENONSE A DWA PITIT OU A /DWA TIMOUN KI SOUKONT OU A AK DWA W POU FÈ LEKÒL PITIT OU A/ TIMOUN KI SOUKONT OU A LEKÒL LI NAN KONPETISYON AVÈK YO, DISTRI ESKOLÈ A, OFISYÈL KONPETISYON YO, AK FHSAA RANBOUSE W NAN YON PWOSÈ POU DOMAJ KÒPORÈL, TANKOU LANMÒ, KE PITIT OU A/TIMOUN KI SOUKONT OU A SIBI OSWA NENPÒT DOMAJ MATERYÈL KI SOTI NAN RISK KI FÈ NATIÈLMAN PATI DE AKTIVITE SA A. OU GEN DWA POU REFIZE SIYEN FÒM SA A, EPI LEKÒL PITIT OU A/TIMOUN KI SOUKONT OU A, LEKÒL LI NAN KONPETISYON AVÈK YO, DISTRI ESKOLÈ A, OFISYÈL KONPETISYON YO, AK FHSAA GEN DWA POU REFIZE KITE PITIT OU A/TIMOUN KI SOUKONT OU A LA PATISIPE SI OU PA SIYEN FÒM SA A.

- E. Mwen dakò, sizoka gen yon litij ki vize pou nou/mwen jwenn yon enjonksyon oswa yon aksyon an jistis ki afekte pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an (endividyèlman) oswa patisipasyon ekip pitit mwen a/timoun ki soukont mwen an nan Seri konpetisyon FHSAA State, Action konsa dwe depozenan Alachua County, Florida, Circuit Court.
F. Mwen konprann otorizasyon ak dwa ki akòde nan dokiman sa a volontè e mwen ka anile youn oswa tout nenpòt ki lè nan soumèt anilasyon sa a alekri nan lekòl mwen pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an. Lè mwen fè sa, sepandan, mwen konprann ke mwen p ap elijib ankò pou patisipe nan aktivite espòtif entèskolè.
G. Tanpri tcheke bwat ki apwopriye a (yo):
[] Timoun mwen an/timoun ki soukont mwen an gen kouvèti plan asirans fanmi nou an, ki gen limit pa mwens pase \$ 25,000. Konpayi: _____ Nimewo Polis: _____
[] Pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an kouvri pa plan asirans medikal lekòl li a.
[] Mwen te achte asirans foutbòl siplemantè atravè lekòl pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an.

MWEN TE LI AVÈK ANPIL ATANSYON EPI MWEN KONNEN LI GEN YON DECHAJ (se sèlman yon siyati paran/gadyen ki obligatwa)

Non Paran/Gadyen (an lèt detache) _____ Siyati Paran/Gadyen _____ Dat _____

Non Paran/Gadyen (an lèt detache) _____ Siyati Paran/Gadyen _____ Dat _____

MWEN TE LI SA AVÈK ANPIL ATANSYON EPI MWEN KONNEN LI GEN YON DECHAJ (siyati elèv la obligatwa)

Non Elèv la (an lèt detache) _____ Siyati Elèv la _____ Dat _____



Fòm sa a ki ranpli a dwe konsève nan dosye yo pa lekòl la. Fòm sa a valab pou 365 jou apati dat siyati ki pi resan an. Fòm sa a pa ka transfere; yon chanjman lekòl pandan peryòd validite fòm sa a pral mande pou fòm sa a re-soumèt.

Lekòl la: _____ Distri Eskolè a (si sa aplikab): _____

Enfòmasyon sou Blesi nan sèvo

Konmosyon serebral se yon blesi nan sèvo. Konmosyon serebral, osi byen ke tout lòt blesi nan tèt, se bagay grav. Yo ka koze pa yon chòk, yon tòsyon nan tèt la, yon deselasyon oswa yon akselasyon toudenkou, yon kou oswa yon sekous nan tèt la, oswa pa yon kou nan yon lòt pati nan kò a avèk fòs ki transmèt nan tèt la. Ou pa ka wè yon blesi nan sèvo, epi plis pase 90% nan tout konmosyon serebral yo rive san moun yo pa pèdi konesans. Siy ak sentòm konmosyon serebral yo ka parèt apre yon blesi oswa li ka pran kèk èdtan oswa kèk jou pou li parèt konplètman. Tout konmosyon serebral yo potansyèlman grav epi, si yo pa jere byen, yo ka lakòz komplikasyon ki gen ladan domaj nan sèvo ak, nan ka ki ra, menm lanmò. Menm yon "ding" oswa yon bòs sou tèt la ka grav. Si pitit ou a rapòte nenpòt sentòm konmosyon serebral, oswa si ou remake sentòm yo oswa siy konmosyon serebral la ou menm, pitit ou a ta dwe kite jwèt la imedyatman, evalye pa yon pwofesyonèl medikal, epi otorize pa yon doktè.

Siy ak Sentòm yon Konmosyon serebral:

Sentòm yo ka parèt imedyatman apre blesi a oswa yo ka pran plizyè jou pou yo parèt. Etid yo te montre li pran an mwayèn 10-14 jou oswa pi lontan pou sentòm yo rezoud epi, nan ka ki ra oswa si atlèt la te sibi plizyè konmosyon serebral, sentòm yo ka pwolonje. Siy ak sentòm konmosyon serebral yo ka gen ladan yo: (se pa tout)

- Rega vid oswa vizyon zetwal
- Mank konsyans de anviwònman yo
- Emosyon dispwopòsyone pa rapò a sikonstans yo (kriye oswa kòlè ki pa apwopriye)
- Tèt fè mal oswa tèt fè mal ki pèsistan, kè plen, vomisman
- Vizyon chanje
- Sansiblité nan limyè oswa bri
- Repons vèbal ak motè anreta
- Dezoryantasyon, twoub lapawòl oswa enkoyeans
- Etoudisman, ki gen ladan sansasyon tèt lejè, vètij (tèt vire), oswa pèt ekilib (sansasyon dezekilib oswa sansasyon w ap naje)
- Diminisyon kowòdinasyon, tan reyaksyon
- Konfizyon ak enkapasite pou konsantrè atansyon
- Pèt memwa
- Chanjman toudenkou nan pèfòmans akademik oswa bèss nan lòt yo
- Iritabilite, depresyon, enkyetid, twoub somèy, fijitabilite fasil
- Nan ka ki ra, pèt konesans

DANJE si pitit ou a kontinye jwe ak yon konmosyon serebral oswa retounen twò bonè:

Atlèt ki gen siy ak sentòm konmosyon serebral yo ta dwe soti nan aktivite (match oswa antrènman) imedyatman. Kontinye jwe ak siy ak sentòm yon konmosyon serebral rann jèn atlèt la espesyalman vilnerab pou sibi yon lòt konmosyon serebral. Atlèt ki sibi yon dezyèm konmosyon serebral anvan sentòm premye konmosyon serebral la rezoud epi sèvo a te gen yon chans geri, riske gen sentòm konmosyon serebral pwolonje, andikap pèmanan e menm lanmò (yo rele li "Dezyèm Sendwòm Enpak" kote sèvo a anfle san kontwòl). Genyen tou prèv ki montre konmosyon serebral miltip ka mennen nan sentòm alontèm, ki gen ladan demans bonè.

Mezi pou w pran si w sisipèk pitit ou a te soufri yon konmosyon serebral:

Nenpòt atlèt yo sisipèk ki soufri yon blesi nan sèvo ta dwe soti nan aktivite a imedyatman. Okenn atlèt pa ka retounen nan aktivite apre yon blesi nan tèt aparant oswa blesi nan sèvo, kèlkeswa jan li sanble modere oswa jan sentòm yo disparèt vit, san otorizasyon medikal ekri ki soti nan men yon pwofesyonèl swen sante apwopriye (AHCP). Nan Florid, yon pwofesyonèl swen sante ki apwopriye (AHCP) defini kòm swa yon doktè ki gen lisans (MD, an kofomite a Chapit 458, Lwa Florid) oswa yon doktè ki gen lisans osteyopat (DO, an kofomite a Chapit 459, Lwa Florid). Obsèvasyon depre atlèt la ta dwe kontinye pandan plizyè èdtan. Ou ta dwe chèche swen medikal tou epi enfòmè antrenè pitit ou a si ou pansè pitit ou a ka gen yon blesi nan sèvo. Sonje byen, li pi bon pèdi yon sèl match pase pou fè lavi ou chanje pou tout tan. Lè w gen dout, chita a kote.

Retounen nan jwèt oswa pratik:

Apre evalyasyon doktè, retounen nan pwosesis aktivite a mande pou atlèt la pa gen okenn sentòm, apres a l ap swiv yon pwotokòl pa etap anba sipèvizyon yon fòmateur atletik ki gen lisans, antrenè, oswa pwofesyonèl medikal epi apres a, resevwa otorizasyon ekri nan yon AHCP.

Pou dènye enfòmasyon ak enfòmasyon ki ajou sou blesi nan sèvo, vizite <http://www.cdc.gov/concussioninyouthsports/> oswa <http://www.seeingstarsfoundation.org>

Deklarasyon Responsablité Elèv-atlèt la:

Paran yo ak elèv yo ta dwe okouran de prèv preliminè ki sijere blesi nan sèvo repete, e menm frap ki pa lakòz yon blesi nan sèvo sentomatik, ka lakòz chanjman ki pa nòmal nan sèvo a ke yo ka wè sèlman sou yon otopsi (ki rele Ansefalopati Twomatik kwonik (CTE). Te gen sèten ka yo rapòte ki sanble ak devlopman sentòm maladi Parkinson, Esklewoz Lateral Amyotwofik (ALS), blesi twomatik grav nan sèvo a, depresyon, epi pwoblèm memwa alontèm ki ka gen rapò ak istwa blesi nan sèvo. Li nesèsè pou fè plis rechèch sou sijè sa a anvan nou ka tire yon konklizyon.

Mwen rekonèt egzijans anyèl pou pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an pou gade "Concussion in Sports" (konmosyon serebral nan espò) nan www.nfhslearn.com. Mwen aksepte responsablité pou rapòte tout blesi ak maladi bay paran mwen, doktè ekip la, antrenè atletik la, oswa antrenè ki asosye ak espò mwen an, ki gen ladan tout siy ak sentòm blesi nan sèvo. Mwen te li epi mwen konprann enfòmasyon ki anwo yo. Mwen pral enfòmè antrenè k ap sipèvize a, antrenè atletik la, oswa doktè ekip la imedyatman si mwen santi youn nan sentòm sa yo oswa si mwen wè yon ko-ekipyè gen sentòm sa yo. Anplis de sa, yo te enfòmè m sou danje patisipasyon pou mwen ak pou pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an.

Non Paran/Gadyen (an lèt detache) _____ Siyati Paran/Gadyen _____ Dat _____

Non Paran/Gadyen (an lèt detache) _____ Siyati Paran/Gadyen _____ Dat _____

Non Elèv la (an lèt detache) _____ Siyati Elèv la _____ Dat _____



Sètifika Konsantman ak Dechaj Responsablite (Paj 3 sou 5)

Fòm sa a ki ranpli a dwe konsève nan dosye yo pa lekòl la. Fòm sa a valab pou 365 jou apati dat siyati ki pi resan an. Fòm sa a pa ka transfere; yon chanjman lekòl pandan peryòd validite fòm sa a pral mande pou fòm sa a re-soumèt.

Lekòl la: _____ Distri Eskolè a (si sa aplikab): _____

Enfòmasyon sou arè kadyak toudenkou

Arè kadyak toudenkou (SCA) se yon kòz prensipal lanmò ki gen rapò ak espò. Arè kadyak toudenkou (SAC) rive lè kè a toudenkou epi sanzatann sispann bat. Lè sa rive san an sispann koule nan sèvo a ak lòt ògàn vital yo. SCA se PA yon kriz kadyak. Yon kriz kadyak ka lakòz SCA, men yo pa menm bagay. Yon kriz kadyak koze pa yon blokaj ki fè san sispann koule nan kè a. SCA se yon disfonksyonman nan sistèm elektrik kè a, sa ki lakòz kè a sispann bat toudenkou. SCA ka lakòz lanmò si li pa trete nan kèk minit.

Chak konbyen tan arè kadyak toudenkou rive nan Etazini?

Apreprè 350,000 arè kadyak rive chak ane deyò lopital yo. Plis pase 10,000 moun ki poko gen laj 25 ane mouri nan SCA chak ane. SCA se tiyè nimewo en epi li se premye koz lanmò sou kanpis lekòl.

Èske gen siy avètisman?

Malgre SCA rive sanzatann, gen kèk moun ki ka gen siy oswa sentòm tankou, men pa sèlman, vètij, endispozisyon, pèt konesans, souf kout, kè k ap bat fò oswa twò vit/palpasyon, fatig, feblès, doule nan pwatrin/presyon oswa kè a sere. Sentòm sa yo ka rive anvan, pandan, oswa apre aktivite a. Sentòm sa yo ka pa klè epi lakoz konfizyon kay atlèt yo. Gen kèk ki ka inyore siy yo oswa panse yo se rezilta nòmal fatig fizik. Si kondisyon sa yo ki lakòz SCA yo dyagnostike epi trete anvan yon evènman ki menase lavi, lanmò kadyak toudenkou ka anpeche kay anpil atlèt jèn.

Ki risk yo oswa pratike oswa jwe apre ou fin gen sentòm sa yo?

Gen risk enpòtan ki asosye ak kontinye pratike oswa jwe apre ou fin gen sentòm sa yo. Sentòm yo ta ka vle di yon bagay ki mal epi yo ta dwe verifye atlèt la anvan li retounen nan jwèt la. Lè kè a rete akòz arè kadyak, se konsa tou san an sispann koule nan sèvo a ak lòt ògàn vital yo. Lanmò oswa domaj pèmanan nan sèvo a ka rive nan sèlman kèk minit. Pifò moun ki sibi yon SCA mouri ladann; pousantaj moun ki rive viv yo pi piti pase 10%.

FHSAA Sports Medicine Advisory Committee fòtman rekòmande yon evalyasyon medikal avèk founisè swen sante w la pou faktè risk arè kadyak toudenkou yo, ki ka gen ladann elektwokadyogram.

FHSAA Sports Medicine Advisory Committee ap travay pou ede kenbe elèv-atlèt yo an sekirite pandan y ap antrene oswa jwe nan bay edikasyon konsènan SCA oswa atravè notifikasyon a paran ke ou ka mande, se ou k ap peye, yon elektwokadyogram (EKG oswa ECG) nan kad Egzamen fizik Pre-patisipasyon anyèl pou posiblerman dekouvri pwoblèm kè ki kache e ki ka lakòz yon SCA

Poukisa pwoblèm kè ki mete jèn yo a risk rete san detekte?

- Piblikasyon yo rapòte jiska 90% pwoblèm kè ki kache yo manke lè yo itilize sèlman istwa ak egzamen fizik.
- Pi fò pwoblèm kè ki ka lakoz SCA yo paka detekte nan koute avèk yon estetoskòp padan yon egzamen fizik woutin; epi
- souvan, jèn yo pa rapòte oswa rekonèt sentòm yon pwoblèm kadyak potansyèl

Kisa yon elektwokadyogram ye (ECG oswa EKG)?

Yon ECG/EKG se yon tèz rapid, san doule epi ki pa anvayisan ki mezire ak anrejistre yon moman nan tan aktivite elektrik kè a. Yon teknisyen atache ti patch elektwòd sou pou pwatrin ou, bra ou ak janm ou. Yon ECG/EKG bay enfòmasyon sou estrikti, fonksyon, frekans ak rit kè a.

Poukisa pou w mande yon ECG/EKG nan kad egzamen fizik anvan patisipasyon?

Ajoute yon ECG/EKG nan istwa ak egzamen fizik anvan patisipasyon anyèl kapab vle di plis tèz oswa ede idantifye pwoblèm kè ki ka lakoz SCA. Founisè swen sante fanmi w lan ka mande fè yon ECG/EKG pou depiste maladi kadyovaskilè oswa yon seri sentòm tankou doule nan pwatrin, palpasyon, vètij, endispozisyon, oswa istwa famiyal nan zafè maladi kè.

- Yo ta dwe anvizaje fè depistaj ECG/EKG yo chak 1-2 ane paske jèn kè yo ap grandi epi chanje.
- Depistaj ECG/EKG yo ka ogmante sansibilite pou deteksyon maladi ki pa dyagnostike men li paka anpeche SCA.
- Depistaj ECG/EKG ki gen rezilta ki pa nòmal yo ta dwe evalye pa doktè ki fòme.
- Si tèz depistaj ECG/EKG a gen rezilta ki pa nòmal, yo ka bezwen fè tèz adisyonèl (avèk pri ak risk ki asosye) anvan yo ka fè yon dyagnostik epi yo ka anpeche elèv la patisipe nan espò pou yon kout peryòd tan jiskaskè tèz la fini, epi yo ka fè rekòmandasyon plis espesifik.
- ECG/EKG a ka gen fo rezilta pozitif, ki sijere yon anomali ki pa reyèlman egziste (fo rezilta pozitif yo rive mwens lè se yon pratisyen medikal kalifye ki bon nan entèpretasyon ECG/EKG timoun, adolesan, ak atlèt jenn ki li ECG/EKG a).
- ECG/EKG bay mwens fo pozitif pase senp itilizasyon istwa aktyèl la ak egzamen fizik.

Direktiv Kolèj Ameriken Kadyoloji/Asosyasyon Kadyak Ameriken an pa rekòmande yon ECG oswa EKG kay pasyan asentomatik men sipòte pwogram lokal kote ECG oswa EKG ka aplike avèk resous bon jan kalite.

Kite jwèt la/retounen nan jwèt la

Nenpòt elèv-atlèt ki gen siy oswa sentòm SCA ta dwe soti nan jwèt la (ki gen ladan tout aktivite atletik). Sentòm yo ka rive anvan, pandan, oswa apre aktivite a. Anvan retou nan jwèt la, yo dwe evalye ak otrize atlèt la. Otorizasyon pou retounen nan jwèt la dwe alekri. Evalyasyon an dwe fèt pa yon doktè ki gen lisans, pratisyen enfimye sètifye, oswa kadyològ (doktè kè). Doktè ki gen lisans lan oswa enfimye ki sètifye a ka konsilte nenpòt lòt pwofesyonèl medikal ki gen lisans oswa ki sètifye.

Lè mwen siyen akò sa a, mwen rekonèt egzijans anyèl pou pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an pou gade kou "Sudden Cardiac Arrest" nan www.nghslearn.com. Mwen rekonèt mwen te li ak konprann enfòmasyon sou Arè Kadyak Toudenkou. Yo te enfòm mwen sou danje ki gen nan patisipasyon pou mwen ak pou pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an.

Non Paran/Gadyen (an lèt detache) _____ Siyati Paran/Gadyen _____ Dat _____

Non Paran/Gadyen (an lèt detache) _____ Siyati Paran/Gadyen _____ Dat _____

Non Elèv la (an lèt) _____ Siyati Elèv la _____ Dat _____



Fòm sa a ki ranpli a dwe konsève nan dosye yo pa lekòl la. Fòm sa a valab pou 365 jou apati dat siyati ki pi resan an. Fòm sa a pa ka transfere; yon chanjman lekòl pandan peryòd validite fòm sa a pral mande pou fòm sa a re-soumèt.

Lekòl la: _____ Distri Eskolè a (si sa aplikab): _____

Enfòmasyon sou Maladi ki gen Rapò ak Chalè

Maladi ki gen rapò ak chalè se yon kòz enkyetid pou elèv ki patisipe nan espò lekòl segondè nan Florid. Elèv ki patisipe nan preparasyon ak pratik espesyalman vilnerab nan mwa ete yo ak lòt moman chalè ekstrèm. Elèv-atlèt yo soufri maladi ki gen rapò ak chalè lè kò yo pa ka byen refwadi tèt yo lè yo swe. Swe se èkondisyon natirèl kò a, men lè tanperati kò yon moun ogmante byen vit, swe a jis pa ase. Maladi ki gen rapò ak chalè ka grav epi menase lavi. Tanperati kò ki wo anpil ka domaje sèvo a oswa lòt ògàn vital epi yo ka lakòz andikap e menm lanmò. Maladi ki gen rapò ak chalè ak lanmò yo ka evite.

Kèk blesi komen ki gen rapò ak chalè nan espò?

Kout Chalè Efò (EHS): EHS se maladi ki gen rapò ak chalè ki pi grav. EHS se yon ijans medikal. Li rive lè tanperati kò a ogmante byen vit, epi kò a pa ka refwadi. Elèv-atlèt yo ka mouri oswa yo ka vin andikape an pèmanans nan EHS si yo pa byen rekonèt yo epi jere yo. EHS se youn nan kòz lanmò kay jèn atlèt yo, espesyalman nan Florid. De kritè prensipal pou dyagnostik EHS yo se tanperati rektal > 105F (40.5C) imedyatman apre efondreman ak disfonksyonman sistèm nève santral (CNS). Gen anpil siy ak sentòm ki asosye ak EHS. Paran yo ak elèv-atlèt yo ta dwe familiarize yo ak sa yo lè yo gade resous videyo gratis Federasyon Nasyonal espò lekòl segondè (NFHS) oswa FHSAA bay yo.

- EHS ka evite lè yo pran prekosyon ki apwopriye yo epi konprann sentòm yon moun ki vin malad akòz chalè.
- Moun ka siviv apre EHS lè manm pèsonèl la poze aksyon rapid tankou rekonèt sentòm yo byen bonè imèsyon agresif nan dlo frèt.

Epuizman pa Chalè (EHI): Epuizman pa Chalè se kondisyon ki pi komen ki gen rapò ak chalè yo obsève kay popilasyon aktif ki gen ladan elèv-atlèt. EHI se yon kalite maladi ki gen rapò ak chalè. EHI se enkapasite pou kontinye fè egzèsis nan chalè a paske kè a gen difikilte pou bay ase san oksijene nan tout ògàn k ap travay yo ak misk yo. Anjeneral li devlope apre plizyè jou pratik oswa preparasyon nan tanperati ki wo epi san bwè ase likid.

Kranp chalè: Kranp chalè yo douloure, kranp envolontè souvan nan janm, bra, oswa vant ak kontraksyon nan misk. Kranp anjeneral rive nan faz preparasyon anvan sezon lè kò a pa byen prepare epi li pi sijè a fatig. Kranp chalè ka fasil pou trete avèk repo, detire misk, ak ranplasman likid ak elektwolit. Yo pa konnen mekanis egzat kranp nan misk nan kondisyon anviwònman ki cho, men kòz li kapab se dezidratasyon ekstansif ak pèt sodyòm oswa kwonikman atravè elektwolit ki pa adekwa nan rejim alimantè atlèt la. Malgre kranp chalè yo pa yon kòz lanmò toudenkou, moun ka konfonn yo avèk pwoblèm ki pi grav, ane falsifòm akòz efò.

Èske elèv mwen an a risk?

Wi, tout elèv-atlèt yo vilnerab a kout chalè akòz efò ak lòt blesi ki gen rapò ak chalè. Pandan chak elèv-atlèt ka sikonbe a EHS, y ap rapòte done ki pi nouvo sou gwo ensidans ka kout chalè akòz efò kay jwè foutbòl yo, espesyalman moun ki jwe nan pozisyon liy yo ak nan kourè distans ki trè mèg. Rechèch yo deklare tou anpil rapò sou ijans EHS yo se pandan ete oswa seyans preparasyon presezon. Lòt kondisyon ki ka ogmante risk ou pou maladi ki gen rapò ak chalè gen ladan obezite, lafyèv, dezidratasyon, move sikilasyon san, kout solèy, ak medikaman sou preskripsyon oswa itilizasyon alkòl.

Kisa FHSAA fè pou kenbe elèv mwen an an sekirite?

FHSAA teibliye Politik 41, ki gen tit "Exertional Heat Illness". Règleman sa a bay pwosedi espesifik pou lekòl yo edike elèv-atlèt yo ak paran yo sou EHI osi byen ke estrateji pou anpeche blesi sa yo. FHSAA Policy 41 prevwa tou pwosedi pou lekòl yo swiv pou aklimatasyon avan-sezon, siveyans anviwònman, ak enklizyon nan zòn refwadisman pou jesyon yon elèv-atlèt ki soufri yon blesi chalè lakoz.

Kouman mwen ka ede kenbe pitit mwen an an sekirite fas a chalè a?

- Ranseye w plis sou blesi ki gen rapò ak chalè nan espò nan <http://www.nfhs.org/media/1015695/ksi-5-pillars-of-heat-stroke-prevention-2015>
- Diskite sou nitrisyon, bon idratasyon, pwa kò, ak enpòtans somèy ak repo avèk founisè swen sante fanmi ou nan moman egzamen fizik pou espò a
- Pale ak lekòl ou a ak antrenè w la sou garanti yo gen an plas pou kenbe timoun yo an sekirite nan chalè a ak sa yo pral fè pou yon moun ki vin malad oswa blese
- Siveye konsomasyon likid elèv ou a pandan li nan kay la epi mande elèv-atlèt la regilyèman si l santi li byen
- Pataje tout enkyetid avèk antrenè espòtif lekòl ou a, doktè ekip la, antrenè a, oswa founisè swen sante fanmi ou

Lè mwen siyen akò sa a, mwen rekonèt egzijans anyèl pou pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an gade kou "Heat Illness Prevention" nan www.nghslearn.com. Mwen rekonèt ke mwen te li ak konprann enfòmasyon sou Maladi ki gen rapò ak Chalè a. Yo te enfòm mwen sou danje ki gen nan patisipasyon pou mwen ak pou pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an.

Non Paran/Gadyen (an lèt detache)	Siyati Paran/Gadyen	Dat
Non Paran/Gadyen (an lèt detache)	Siyati Paran/Gadyen	Dat
Non Elèv la (an lèt detache)	Siyati Elèv la	Dat



Fòm sa a ki ranpli a dwe konsève nan dosye yo pa lekòl la. Fòm sa a valab pou 365 jou apati dat siyati ki pi resan an. Fòm sa a pa ka transfere; yon chanjman lekòl pandan peryòd validite fòm sa a pral mande pou fòm sa a re-soumèt.

Lekòl la: _____ Distri Eskolè a (si sa aplikab): _____

Atansyon Elèv ak Paran (yo)/Gadyen(yo)

Lekòl ou a se yon manm nan Florida High School Athletic Association (FHSAA) epi li swiv règ etabli yo. Pou kalifye pou reprezante lekòl ou a nan aktivite espòtif entèskolè, nan yon espò FHSAA rekonèt ak/oswa omologe, elèv la:

- Ranpli yon EL3 pou chak lekòl kote elèv la patisipe; **fòm sa a pa ka transfere.**
- Dwe fè prèv bon espri espòtif epi swiv règleman konpetisyon an **anvan, pandan, ak apre** chak konpetisyon kote elèv la patisipe. Si sa pa fèt, yo ka sispann patisipasyon elèv la pou yon peryòd tan. (FHSAA Bylaw 7.1)
- Pa dwe bay **fo enfòmasyon** a lekòl li oswa a FHSAA pou jwenn elijiblite. (FHSAA Bylaw 9.1.1.2)
- Dwe enskri epi prezan regilyèman nan lekòl li a. Si se yon elèv ki nan edikasyon adomisil, yon elèv lekòl charter, yon elèv lekòl altènatif/espesyal, yon elèv lekòl prive ki pa manm, oswa yon elèv Pwogram Piblik Vityèl Lekòl Florida a Tan Plen, elèv la dwe deklare alekri entansyon li pou patisipe nan aktivite espòtif bay lekòl kote elèv la otorize pou patisipe a. **Elèv Edikasyon Adomisil ak elèv ki ale nan yon lekòl prive ki pa manm dwe ranpli dokiman adisyonèl anvan yo patisipe.** (FHSAA Bylaw 9.2, FHSAA Policy 16.6, and Administrative Procedure 1.8)
- Dwe ale nan lekòl nan **dis premye (10) jou** yo nan kòmansman chak semès pou kalifye pandan semès sa a. (FHSAA Bylaw 9.2.3)
- Dwe kenbe omwen yon **2.0 GPA kimilatif** sou yon echèl 4.0 (pa pondere) anvan semès kote elèv la vle patisipe a. GPA sa a dwe gen ladan tout kou ki te pran depi elèv la te antre nan 9yèm ane. Yon elèv 6yèm, 7yèm, oswa 8yèm ane dwe te genyen omwen yon 2.0 GPA sou yon echèl 4.0 (ki pa pondere) pandan semès anvan an. (FHSAA Bylaw 9.4.1 and F.S. 1006.15(3)a)
- Li pa dwe **te diplome** nan okenn lekòl segondè oswa ekivalan li. (FHSAA Bylaw 9.4.7)
- Pa dwe te enskri nan klas 9yèm ane pou premye fwa plis pase **uit semès youn apre lòt.** Yon elèv 6yèm, 7yèm, oswa 8yèm ane pa ka patisipe nan okenn nivo si elèv la **ap refè** klas sa a. (FHSAA Bylaw 9.5)
- Pa dwe gen **19 lane anvan 1ye jiyè** pou patisipe nan nivo lekòl segondè; pa dwe gen **16 lane anvan 1ye jiyè** pou patisipe nan nivo lekòl segondè jinyò; epi pa dwe gen **15 lane anvan 1ye jiyè** pou patisipe nan nivo lekòl elemantè, sinon elèv la vin pa elijib pou tout tan. (FHSAA Bylaw 9.6)
- Dwe sibi yon **evalyasyon fizik anvan patisipasyon** epi yo dwe sètifye kòm fizikman anfòm pou patisipasyon nan aktivite espòtif entèskolè sou yon fòm (EL2) yo bay lekòl la. (FHSAA Bylaw 9.7 and F.S. 1002.20(17)b)
- Dwe genyen **pèmisyon** pou patisipe ki siyen pa paran elèv la (yo)/gadyen(yo) sou yon fòm (EL3) yo bay lekòl la. (FHSAA Bylaw 9.8)
- Dwe yon **amatè.** Sa vle di elèv la pa dwe aksepte lajan, kado, oswa don pou patisipe nan yon espò, oswa itilize yon non ki pa pwòp non li lè l ap patisipe. (FHSAA Bylaw 9.9)
- Pa dwe patisipe nan yon **konpetisyon all-star** nan yon espò anvan li epuize elijiblite lekòl segondè li nan espò sa a. (FHSAA Policy 26)
- Elèv pwogram echanj jèn yo, lòt elèv entènasyonal, ak imigran yo dwe **apwouve** pa Biwo FHSAA anvan yo patisipe. Eksepsyon yo ka aplike. (FHSAA Policy 17)
- Evite de la **pètibasyon /entimidasyon** pandan yon manm yon ekip atletik oswa pandan l ap patisipe nan yon aktivite espòtif patwone pa oswa afilye ak yon lekòl manm.

Si yo deklare oswa jije elèv la pa elijib akòz youn oswa plis nan règ ak règleman FHSAA yo, elèv la gen dwa pou mande pou lekòl la depoze yon apèl nan non elèv la. Wè direktè lekòl la oswa direktè espòtif la pou enfòmasyon konsènan pwosesis sa a.

Lè li siyen akò sa a, moun ki siyen an rekonèt li te li epi konprann enfòmasyon sou Sètifika Konsantman ak Dechaj Responsablite konsènan règ ak elijiblite etabli pa FHSAA yo.

Non Paran/Gadyen (an lèt detache) _____ Siyati Paran/Gadyen _____ Dat _____

Non Paran/Gadyen (an lèt detache) _____ Siyati Paran/Gadyen _____ Dat _____

Non Elèv la (an lèt detache) _____ Siyati Elèv la _____ Dat _____



RAPÒ KADYOLOJI: OTORIZASYON ELEKTWOKADYOGRAM (ECG)

Paran/Gadyen: Yon depistaj ECG (yo rele tou yon EKG) ka ede idantifye jèn atlèt ki a risk pou lanmò kadyak toudenkou, yon sityasyon kote yon pèt toudenkou fonksyon kè a lakoz lanmò. Yon tès depistaj ECG ka ede nan dyagnostike plizyè pwoblèm kadyak diferan ki ka kontribye nan lanmò kadyak toudenkou. An konfòmite a [Politik Konsèy Eskolè a JJ: Aktivite paraeskolè](#), Konsèy Eskolè Orange County, Florida ap mande pou chak elèv-atlèt ki vle patisipe nan aktivite espòtif lekòl segondè yo gen 1 tès depistaj elektwokadyogram (ECG) anvan li patisipe nan premye espò atletik li nan lekòl segondè. **ECG inisyal la ka ranpli pa nenpòt doktè ki gen lisans, ki gen ladan yon doktè swen prensipal, pedyat, asistan doktè ki gen lisans, oswa enfimye sètifye avanse. Si ECG a retounen e li PA NÒMAL, elèv la ka patisipe sèlman apre li otorize pa yon kadyològ oswa yon kadyològ pedyatrik.**

ENFÒMASYON ELÈV LA: (Tanpri ekri an lèt detache)

Non Elèv la: _____ # ID Elèv la: _____ Dat Nesans: _____

Siyati Paran/Gadyen Legal

Non Paran/Gadyen Legal an lèt detache

Dat

Si ECG ou te konplete pa Who We Play For, Orlando Health, Advent Health, oswa Nemours, ou ka KANPE isit la. Soumèt imèl ou te resewva nan men òganizasyon an bay Athletic Clearance, ansanm ak pati anlè fòm sa a tou ranpli. Ou dwe soumèt alafwa imèl la ak fòm sa a avèk pati anlè tou ranpli.

ECG a fèt pa yon PCP, Sant Swen Ijans, oswa Klinik San Randevou dwe ranpli fòm ki anba a

ENSTRISKYON DOKTÈ: Fòm sa a dwe ranpli pa yon founisè swen sante apwopriye (AHCP) ki resewva fòmasyon nan dènye direktiv entèpretasyon ECG yo. Li rekòmande pou entèprete lekti ECG yo sou baz kritè entènasyonal yo (<https://uwssportscardiology.org/>). Apre w fin ranpli ak entèprete ECG a, chwazi bwat ki apwopriye a anba a. Si ECG a entèprete kòm NÒMAL, konplete Otorizasyon Elektwokadyogram Nòmal la. Si ECG inisyal la entèprete kòm PA NÒMAL, yo dwe refere elèv la a yon kadyològ. Se sèlman yon kadyològ ki ka otorize yon elèv avèk yon entèpretasyon ECG ki pa nòmal.

Otorizasyon Elektwokadyogram NÒMAL: (A konplete an antye pa yon doktè ki gen lisans, PA oswa ARNP)

Mwen sètifye ke mwen menm oswa yon moun ki anba sipèvizyon dirèk mwen te fè yon ECG avèk konklizyon sa yo:

Risk Fèb/Otorize pou Patisipasyon

Siyati Doktè/PA/ARNP

Non Doktè/PA/ARNP (an lèt

Dat

So Klinik Doktè a:

Telefòn: _____

Adrès: _____ Vil: _____ Kòd Postal: _____

Yo te jwenn yon ECG ki PA NÒMAL epi yo te refere elèv la nan kadyoloji. Non doktè a: _____ Dat: _____

Otorizasyon Elektwokadyogram ki PA NÒMAL: (A konplete an antye pa yon kadyològ oswa kadyològ pedyatrik)

Yo te jwenn yon depistaj ECG ki pa nòmal epi yon kadyològ oswa yon kadyològ pedyatrik te evalye elèv la apre sa.

Avèk sa a, mwen sètifye ke elèv ki mansyone anwo a te sibi yon evalyasyon kadyak epi li otorize pou patisipe nan aktivite espòtif nan yon pèspektiv kadyak.

Siyati kadyològ/Kadyològ Pedyatrik

Non Kadyològ/Kadyològ Pedyatrik (an lèt detache)

Dat

So Klinik Kadyolò la:

Telefòn: _____

Adrès: _____ Vil: _____ Kòd Postal: _____



OTORIZASYON TRETMAN AN IJANS

KAT OTORIZASYON TRETMAN AN IJANS – ANGLÈ

SCHOOL BOARD OF ORANGE COUNTY, FLORIDA

(Tanpri ekri an lèt detache)

Non Legal Atlèt la: _____ Lekòl: _____ Klas: _____

Dat Nesans Atlèt la: _____ Dat Dènye Piki kont Tetanòs: _____

Pitit mwen an fè alèji ak medikaman sa yo: _____

Pitit mwen an gen alèji sa yo: _____

Tanpri idantifye nenpòt blesi grav oswa maladi pitit ou a te genyen: _____

*Kontak Ijans | Non Konplè: _____ Relasyon ak Timoun nan: _____ Telefòn: _____

Non Konplè: _____ Relasyon ak Timoun nan: _____ Telefòn: _____

** Idantifikasyon foto Eta a dwe disponib sou demann lè yo ap pran timoun nan **

Ou konprann ke asirans Konsèy Lekòl Orange County, Florida (Orange County Public Schools) ofri a se yon polis asirans segondè epi yo pral peye sèlman apre asirans prensipal la peye. Ou konprann tou ke pitit ou a kouvri pa Asirans Espòtif Konsèy Eskolè Orange County, Florida (Orange County Public Schools) sèlman pandan sezon FHSAA espesifye a (yo).

TANPRI CHWAZI YOUN: Pitit mwen/timoun soukont mwen an PA asire mwen gen asirans pou pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an

Enfòmasyon Medikal | Doktè Swen Prensipal: Adrès: _____ Telefòn: _____

Si ou pa gen asirans

sou atlèt sa a; ekri "Okenn" Non Founisè Asirans Prensipal la: _____ Nimewo Polis: _____

Adrès Founisè Asirans Prensipal la: _____ Vil: _____ Eta: _____ Telefòn: _____

Ou konprann si yon paran/gadyen falsifye nenpòt siyati oswa enfòmasyon sou kat tretman medikal ijans lan, yo pral deklare elèv la pa elijib pou patisipe nan okenn aktivite entèskolè anba kontwòl Konsèy Eskolè Orange County, Florida pandan yon ane konplè apati dat divilgasyon an. Anplis, ou bay pèmasyon pou pèsonel lekòl la ak reprezantan li yo fè tretman medikal oswa otorize tretman medikal pa yon lopital ak/oswa yon doktè epi dakò pou retire tout responsablite sou do Konsèy Eskolè Orange County, Florida ak anplwaye li yo nan kad administrasyon asistans sa a.

Avèk sa a, mwen rekonèt epi sètifye ke mwen te li dokiman medikal ijans lan, ke mwen konprann epi mwen dakò ak tèm li yo; Lwa Florid yo (92.525) "Avèk risk pousuit pou fo temwayaj, mwen deklare ke mwen te li sa ki ekri pi wo a e ke reyalyte yo endike li se verite." Mwen dakò pou mwen lye pa tèm li yo epi mwen te revize epi eksplike pitit mwen an avi a.

Siyati Paran/Gadyen Legal

Non Paran/Gadyen Legal (Enprime)

Dat li siyen

Adrès Ri Fizik: _____ Vil: _____, FL Kòd Postal: _____

Nimewo Telefòn Kontak: _____ Telefòn Travay: _____ Lòt: _____

TANPRI RANPLI KONPLÈTMAN TOU DE KAT YO

KAT OTORIZASYON TRETMAN AN IJANS – ANGLÈ

SCHOOL BOARD OF ORANGE COUNTY, FLORIDA

(Tanpri ekri an lèt detache)

Non Legal Atlèt la: _____ Lekòl: _____ Klas: _____

Dat Nesans Atlèt la: _____ Dat Dènye Piki kont Tetanòs: _____

Pitit mwen an fè alèji ak medikaman sa yo: _____

Pitit mwen an gen alèji sa yo: _____

Tanpri idantifye nenpòt blesi grav oswa maladi pitit ou a te genyen: _____

*Kontak Ijans | Non Konplè: _____ Relasyon ak Timoun nan: _____ Telefòn: _____

Non Konplè: _____ Relasyon ak Timoun nan: _____ Telefòn: _____

** Idantifikasyon foto Eta a dwe disponib sou demann yo ap pran timoun nan **

Ou konprann ke asirans Konsèy Lekòl la Orange County, Florida (Orange County Public Schools) ofri a se yon polis segondè epi yo pral peye sèlman apre asirans prensipal la peye. Ou konprann tou ke pitit ou a kouvri pa Asirans Espòtif Konsèy Eskolè Orange County, Florida (Orange County Public Schools) sèlman pandan sezon FHSAA espesifye a (yo).

TANPRI CHWAZI YOUN: Pitit mwen/timoun soukont mwen an PA asire mwen gen asirans pou pitit mwen an/timoun ki soukont mwen an

Enfòmasyon Medikal | Doktè Swen Prensipal: _____ Adrès: _____ Telefòn: _____

Si ou pa gen asirans

sou atlèt sa a; ekri "Okenn" Non Founisè Asirans Prensipal: _____ Nimewo Polis: _____

Adrès Founisè Asirans Address Prensipal la: _____ Vil: _____ Eta: _____ Tel.: _____

Ou konprann si yon paran/gadyen falsifye nenpòt siyati oswa enfòmasyon sou kat tretman medikal ijans lan, yo pral deklare elèv la pa elijib pou patisipe nan okenn aktivite entèskolè anba kontwòl Konsèy Eskolè Orange County, Florida pandan yon ane konplè apati dat divilgasyon an. Anplis, ou bay pèmasyon pou pèsonel lekòl la ak reprezantan li yo fè tretman medikal oswa otorize tretman medikal pa yon lopital ak/oswa yon doktè epi dakò pou retire tout responsablite sou do Konsèy Eskolè Orange County, Florida ak anplwaye li yo nan kad administrasyon asistans sa a.

Avèk sa a, mwen rekonèt epi sètifye ke mwen te li dokiman medikal ijans lan, ke mwen konprann epi mwen dakò ak tèm li yo; Lwa Florid yo (92.525) "Avèk risk pousuit pou fo temwayaj, mwen deklare ke mwen te li sa ki ekri pi wo a e ke reyalyte yo endike li se verite." Mwen dakò pou mwen lye pa tèm li yo epi mwen te revize epi eksplike pitit mwen an avi a.

Siyati Paran/Gadyen Legal

Non Paran/Gadyen Legal (Enprime)

Dat li siyen

Adrès Ri Fizik: _____ Vil: _____, FL Kòd Postal: _____

Nimewo Telefòn Kontak: _____

Telefòn Travay: _____

Lèt: _____